

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan jeung instrumen panalungtikan. Ieu panalungtikan téh kaasup panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nagunakeun cara-cara atawa léngkah-léngkah nu sistématis pikeun ngagambarkeun masalah dina wangun déskriptif (Ratna, 2004, kc. 46). Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kecap dina wangun tulisan, minangka nyangkem ma'na anu aya.


Metode deskriptif kualitatif ngahasilkeun data mangrupa kecap sacara tulis atawa lisan ngeunaan individu, gejala sosial tina kelompok nu bisa dititénan (Moleong, 2007, kc. 34). Tujuan panalungtikan deskriptif kualitatif nyaéta ngadeskripsikeun, ngagambarkeun sacara sistematis, aktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat sarta hubungan fenomena anu ditalungtik (Nasir, 1992, kc. 15). Ku kituna, metode anu di paké dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif kualitatif, anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis struktur jeung fungsi sosial sastra nu aya dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di kelas IX SMP.

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah, nyaéta:

- (1) Tatahar
- (2) Ngumpulkeun data
- (3) Nganalisis data
- (4) Nyieun kacindekan
- (5) Nyusun laporan

Sangkan leuwih jéntré, léngkah panalungtikan di luhur dijieun dina bagan saperti di handap.

Bagan 3.1**Désain panalungtikan**


3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagémbléngna eusi carita nu aya dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono. Katitén yén sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kertas atawa dokumén. Lian ti, éta aya ogé sumber buku-buku lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Anapon idéntitas novélna nyaéta:

Judul : *Ochank*
 Pangarang : Tatang Sumarsono
 Medal : 2007
 Penerbit : PT. Kiblat Buku Utama
 Kandel Buku : 52 kaca

Gambar 3.1

Jilid novél *Ochank*



3.2.1 Biografi Singget Tatang Sumarsono

Tatang Sumarsono lahir jeung gedé di Tasikmalaya. Kasang tukang kahirupanana prah waé kawas budak nu lian. Mun téa mah rék disebut rada aya punjulna, éta meureun pedah ti umur wewelasam ku Gusti Alloh dititipan pangaresep kana kurung-karang, najan dina prakna mimindengna mah ukur satimu-timuna.

Intan Eka Ardiwisastira, 2019

NOVÉL OCHANK KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FUNGSI SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Munggaran pisan karanganna dimuat dina majalah *manglé* taun 1974. Ka dieunakeun, sakapeung sok rada produktif, tapi ari mimindengna mah nya kedul téa. Aya kana lima likur taunna jadi wartawan di sawatara surat kabar jeung majalah, boh nu terbit di Bandung boh di Jakarta.

Kungsi dilélér Hadiah Jumalistik Adinegoro (1985) dina widang fotografi. Dina widang sastra Sunda, Tatang Sumarsono kungsi dilélér Hadiah Sastra LBSS, Samsudi, Rancagé, jeung DK Ardiwinata. Tatang tamat ti Jurusan Pendidikan Basa Daérah IKIP (ayeuna jadi Universitas Pendidikan Indonesia) Bandung taun 1982. Jaman keur mahasiswa keur sok milu aktif dina organisasi kamahasiswaan. Tatang aktif di Persatuan Pencak Silat Indonesia (PPSI) Jawa Barat. Buku-bukuna anu kungsi diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama di antarana *Galuring Gending (2000)*, *Kamus Populér Bergambar Sunda-Indonesia (2001)*, jeung *Si Sekar Panggung (2007)*.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data jeung Ngolah Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah jeung ngidentifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan. Téhnik talaah dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun sumber data ku cara maca novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono dibaréngan ogé ku data jeung sumber nu séjén anu ngarojong kanu ieu panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) Maca novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono;
- 2) Nganalisis data ku cara nyirian struktur (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung fungsi sosial sastra;
- 3) Nyalin kana kode sangkan leuwih gampang diolah;
- 4) Nyieun bahan jeung instrumén évaluasi pangajaran tina hasil panalungtikan.

Pikeun ngumpulkeun data, dina ieu panalungtikan aya dua hal anu digunakeun, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabeh unsur struktural jeung sosiologi anu aya dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono, data diolah ngagunakeun téhnik analisis kana sumber. Saumpama data geus kakumpul, léngkah satuluyna nyaéta:

- 1) Niténan data anu geus kakumpul;
- 2) Nyieun papasingan data;
- 3) Mindahkeun sakabeh struktur jeung fungsi sosial sastra kana wangun tabél atawa instrumén;
- 4) Nganalisis struktur jeung unsur fungsi sosial sastra anu aya dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono;
- 5) Ngadéskripsikeun struktur jeung unsur fungsi sosial sastra anu aya dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono;
- 6) Nafsirkeun sakabeh data anu kapaluruh;
- 7) Nganalisis hasil pikeun dijadikeun dipatalikeun jeung bahan pangajaran;
- 8) Nyieun pedaran dina hasil analisis;
- 9) Nyieun kacindekkan tina hasil analisis struktur jeung unsur fungsi sosial sastra dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono pikeun altérnatif bahan pangajaran di kelas IX SMP.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu fungsina pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan leuwih gampang di olah. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

1) Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Tabél 3.1
Instrumén Kategorisasi Buku

No.	Kategori	Identitas buku
1.	Kabudayaan	
2.	Sastra	
3.	kabasaan	

2) Kartu data struktural jeung fungsi sosial sastra

Tabel 3.2

Analisis struktural novél *Ochank*(1) Tabel analisis struktural novél *Ochank*

No.	Keterangan	Kode
			OC/01/KC28

Tabel 3.3

Analisis fungsi sosial sastra

(2) Kartu Data analisis fungsi sosial sastra

No.	Episode	Fungsi Sosial sastra	Kode Data
			OC/01/KC28

Keterangan:

OC: Ochank

01-07: Bagian

KC: Kaca

(3) Kartu Data Analisis Bahan Ajar

Tabel 3.4

Instrumen Tabél Céklis Analisis Bahan Ajar

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	Novél <i>Ochank</i> karya Tatang Sumarsono		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Tujuan nu hayang di hontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda anjén warisan entragan saméméhna			
4.	Miboga mangpaat pikeun ngawasa hiji paélman			
5.	Luyu kana pangabutuh katut minat siswa			